

**PANGARUH TEHNOLOGI INFORMASI INTERNET KANA MOTIPASI DIAJAR**

**SISWA KELAS XI IPS SMAN 16 BANDUNG**

*Ku*

*Mutiara Dwi Oktaviani*

**165020046**

**RINGKESAN**

*Panelungtikan ieu mibanda tujuan pikeun mikanyaho: (i) Kumaha gambaran teknologi informasi internet kana mata pelajaran ekonomi kelas XI IPS SMAN 16 Bandung, (ii) Kumaha motipasi diajar siswa kana mata pelajaran ekonomi kelas XI IPS SMAN 16 Bandung, (iii) Sakumaha gedèna pangaruh cara ngagunakeun teknologi informasi internet kana motipasi diajar siswa kana mata pelajaran ekonomi kelas XI IPS SMAN 16 Bandung. Metode panelungtikan anu digunakeun nya èta survey ku sampel anu jumlahna 58 siswa XI IPS SMAN 16 Bandung. Pikeun maluruh pangaruh analisis data nu digunakeunnana nya èta analisis regresi linier anu basajan ngaliwatan itungan rata-rata skor kalawan bantuan program SPSS 24.0 for windows. Aya pun hasilna nyaeta: (i) Cara ngagunakeun teknologi informasi internet kana mata pelajaran ekonomi di kelas XI IPS SMAN 16 Bandung nuduhkeun hasil nu kawilang hadè. Hal ieu dumasar kana hasil ngolah data anu nuduhkeun skor rata-rata 4,17 (83,43%) aya dina kategoti panghadèn, (ii) Motipasi diajar siswa kana mata pelajaran ekonomi di kelas XI IPS SMAN 16 Bandung gedèna 4,20 (83,94%) aya dina kategori luhur, (iii) Hasil regresi linier basajan nuduhkeun ayana pangaruh nu signipikan antara teknologi informasi internet kana motipasi diajar kana mata pelajaran ekonomi di kelas XI IPS SMAN 16 Bandung nya èta ditingali tina itungan koèfisièn dèterminasi ngaliwatan nilai R Square lobana 0,350. Ieu hal ditètèlakeun teknologi informasi internet miboga pangaruh lobana 35% kana motipasi diajar jeung sésana 65% dipangaruhun ku faktor séjenna. Penulis nyarankeun ka pihak anu aya hubunganana, nya èta (i) pikeun siswa, sawadina mah bisa ngagunakeun téhnologi informasi internét kalayan bener-bener sabagé bahan informasi pikeun nganyahankeun wawasan sareng pengetahuan, (ii) pikeun sakola, diperkirakeun nyayogikeun fasilitas internét gratis dina bentuk wifi pikeun ngadukung kabutuhan siswa dina pangajaran, (iii) pikeun panaliti anu salajengna, ngalaksanakeun panelungtikan anu sarua kalayan faktor séjenna atawa topik pedarani anu béda supados nampi rupa-rupa alternatif pikeun ningkatkeun hasil tina ngagunakeun téhnologi informasi internét kana motipasi diajar siswa, hususna dina mata pelajaran ékonomi.*

**Kosa kecap: Teknologi Informasi Internet, Motipasi Diajar Siswa**